

AVI POU BAY AVÈTISMAN



OBÉYI LALWA

■ **CHOFÈ:** Ou pa t bay yon moun apye pase nan yon pasaj ki la pou moun apye.

LÈ OU FÈ SA OU VYOLE LALWA

Ou kapab tonbe anba youn oswa plis nan sanksyon sa yo:

- **3 PWEN SOU LISANS OU**
- **YON AMANN \$150 DOLA POU PREMYE VYOLASYON AN**
- **15 JOU NAN PRIZON**

■ **MOUN APYE:** Ou pa t respekte limyè sikilasyon yo epi ou pa t itilize pasaj pou moun apye yo kòrèkteman.

LÈ OU FÈ SA OU VYOLE LALWA

Ou kapab tonbe anba sanksyon sa a:

- **YON AMANN \$150 DOLA**

Vire kat la pou jwenn plis enfòmasyon sou lalwa

W ap jwenn kèk pwen enpòtan nan Iwa Eta New York konsènan Veyikil ak Sikilasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon: safeny.ny.gov.

Lè gen limyè ki kontwole sikilasyon an

- Yon moun apye gen dwa pou pase kèlkeswa lè limyè sikilasyon an montre yon “Walk” ki estab oswa yon moun k ap mache.
- Yon moun apye pa dwe travèse si fraz “Don’t Walk” (pa mache) oswa limyè ki gen fòm men ki leve a ap mouri-limen, menm lè limyè pou travèse yo endike yon kontaj annaryè pou montre kantite tan ki rete pou travèse.
- Si fraz “Don’t Walk” oswa limyè ki gen fòm men ki leve a estab.
- Si yon moun te deja kòmanse travèse sou yon “Walk” (mache) epi limyè sikilasyon an chanje, lè sa a li kapab

Lè moun apye yo kapab travèse*

- Moun apye yo gen dwa pou travèse si gen yon kalfou oswa nenpòt pasaj ki make sou wout la epitou si pa gen limyè sikilasyon. Chofè yo dwe bay moun apye yo pase, yo dwe ralanti, oswa yo dwe kanpe, pou kite moun apye yo travèse.

Lè moun apye yo pa dwe travèse*

- Chofè yo gen dwa pou pase si pa gen kalfou oswa si pa gen pasaj ki make pou moun apye yo sou wout la. **Moun apye yo dwe respekte dwa pou veyikil yo pase.**

* Definisyon pasaj pou moun apye nan Seksyon 110 NYS V&T:
(a) Pati yon wout ki nan yon kalfou ki nan koneksyon liy lateral twotwa ki sou bò opoze otowout la ant arebò twotwa yo, oswa lè pa gen arebò twotwa, ant pwent wout transvèsal la .

Se Administrasyon Nasjonal Sekirite Sikilasyon sou Otowout (National Highway Traffic Safety Administration) ki finanse pwojè sa a avèk yon sibvansyon Komite Sekirite Sikilasyon (Traffic Safety Committee) Gouvènè Eta New York.



**Department
of Health**